



# Règleman Apwopriye pou Itilize Bibliyotèk la

## Règleman & Pwosedì yo

*Revize 12 Janvyè 2018, apwouve 23 Mas 2004.*

*Ranplase: Règleman Apwopriye sou konpòtman itilizatè yo adapte nan Janvyè 2001.*

Bibliyotèk Piblik Boston fyèman ouvè pou tout moun; yon espas san jijman pou tout moun, kominote a pataje epi plizyè diferan moun itilize l pou diferan rezon. Bibliyotèk la atann pou etablisman nou yo pwòp, konfòtab, ak kote ki ansekirite pou kominote a itilize. Pou rezon sa a, Bibliyotèk la responsab pou etabli règleman kondwit yo pou pwoteje dwa ak sekirite itilizatè yo, volontè, ak anplwaye, ak pou konsève ak pwoteje materyèl bibliyotèk la, ekipman, etablisman, ak teren bibliyotèk la.

Bibliyotèk pou Timoun yo ak nenpòt lòt espas ki deziyen pou timoun yo rezève pou itilizasyon timoun yo, paran oswa moun kap bay swen yo, ak adilt yo ki enterese nan literati timoun yo pandan yap rekipere materyèl nan koleksyon an. Teen Central ak nenpòt lòt espas ki rezève pou adolesan pou adolesan yo ansanm avèk moun ki akonpaye yo, ansanm avèk adilt yo ki enterese nan literati Adolesan pandan yap rekipere materyèl nan koleksyon an.

Konsèy Administrasyon Bibliyotèk Piblik Boston an gen otorite dapre lwa eta pou etabli règleman rezonab osijè bibliyotèk la ak pou ekskli nenpòt moun ki volontèman ak nan fason pèsistan vyole règleman sa yo. Ranfòsman règleman sa yo pral fèt nan yon fason ki rezonab ak jis. Anplwaye bibliyotèk la ak/oswa anplwaye sekirite yo pral entèveni pou sispann aktivite ak konpòtman ki entèdi yo. Si ou pa konfòme avèk règleman bibliyotèk la ki etabli, regilasyon, ak politik ki anvigè sa ka lakoz yo ka ekspilse w nan Bibliyotèk la pou yon peryòd yon jounen pou rive definitivman, oswa nan arestasyon oswa pouswit. Vyolasyon yo ka lakoz tou nan restriksyon ak/oswa tèminalasyon privilèj yo, sa ki gen ladan itilizasyon òdinatè Bibliyotèk ak lòt ekipman yo. Yo ka konteste nenpòt ekspilasyon alekri nan Biwo Prezidan an.

### **Pou konfò ak sekirite itilizatè yo, volontè, ak anplwaye, ak pwoteksyon pwopriyete Bibliyotèk la, aksyon ki annaprè yo se egzanp konpòtman ki pa otorize sou pwopriyete Bibliyotèk la.**

- Angaje nan nenpòt aktivite an vyolasyon lwa aplikab oswa lòt lwa lokal, Eta, Federal, oswa règleman Bibliyotèk la.
- Pote zamafe ak nenpòt kalite zam danjere (eksepte ofisye lapolis).
- Sou enfliyans dwòg ilegal ak vant, itilize, oswa posede dwòg ilegal oswa vann alkòl, sigarèt oswa marigwana.
- Tout sak ak lòt atik yo sijè pou enspeksyon pa sekirite ak lòt pèsònèl ki otorize. Bibliyotèk la rezève dwa pou limite gwosè ak kantite atik li pote nan Bibliyotèk la.

### **Kategori A (Vyolasyon Spesifik Bibliyotèk)**

- Angaje nan nenpòt aktivite an vyolasyon avèk règleman Bibliyotèk la.
- Konpòtman pètibatè, tankou fè gwo bri, pale fò, kriye, oswa bat klavye òdinatè yo.
- Antre nan Bibliyotèk la pye atè, san yon chemiz, avèk odè kò ofansif oswa move ijyèn pèsònèl, oswa otreman atire nan fason pou pètibe anviwonman Bibliyotèk la.
- Konsome manje oswa bwason nan zòn piblik Bibliyotèk la pa otorize (gade Pwosedì Admiistratif, Manje ak Bwason nan Bibliyotèk la).
- Antre san pèmision nan zòn non-piblik yo, nan Bibliyotèk la san pèmision yon anplwaye Bibliyotèk la anvan oswa apre lè fonksyonman, oswa fè kan sou teren Bibliyotèk la.
- Kite pake, sakado, valiz, oswa nenpòt lòt atik pèsònèl san siveyans. Nenpòt atik san siveyans sijè a konfiskasyon e yap jete yo touswit.
- Anplwaye Bibliyotèk la ap deplase mèb yo kote yo plase a.

- Itilize aparèy a wou andedan Bibliyotèk la oswa nan lakou Bibliyotèk la, sof nan zòn ki deziyen, sa ki gen ladan itilizasyon planch a woulèt, paten a woulèt, bisiklèt, scooter motorize oswa ki pa motorize, ak bin magazen yo. Restriksyon sa yo pa aplike pou aparèy sipò ADA oswa pousèt tibebe yo.
- Kouche oswa sanble ap dòmi nan Bibliyotèk la; mete pye w sou mèb yo; oswa bloke ale, sòti oswa antre yo.
- Neglije pou bay timoun yo bon sipèvizyon (gade Règleman Konsèy Administrasyon Bibliyotèk la, Timoun ki san siveyans).
- Pote bèt domestik oswa bèt nan Bibliyotèk la, ot ke sèvis bèt ki nesèsè pou ede moun ki gen andikap, nan Bibliyotèk la, sof jan li otorize pa Direktè Sèvis Bibliyotèk la oswa delege li yo.
- Itilizasyon inapwopriye byen Bibliyotèk la nan etablisman Bibliyotèk la oswa nan lakou Bibliyotèk la, sa ki gen ladan materyèl òdinatè ak lojisyèl, enprimant (gade Règleman Konsèy Administrasyon Bibliyotèk la, Itilizasyon Piblik Entènèt), foto kopi, telefòn, ak lòt ekipman.
- Jwèt Aza.
- Kouri, pouse, deplase, oswa lanse objè sou pwopriyete Bibliyotèk la.
- Itilize aparèy ki ka tande san kas oswa avèk yon kas ki regle nan yon volim kap deranje lòt moun. Itilize telefòn selilè, bipè ak lòt aparèy kominikasyon nan yon fason ki deranje lòt moun. Ou dwe fèmen son telefòn selilè ak bipè yo.
- Fè fatra.
- Li entèdi pou konsome pwodui tabak, marigwana oswa sigarèt elektwonik nan bilding Bibliyotèk la oswa nan distans 25 pye de nenpòt antre oswa fènèt ki ouvè.
- Distribye literati, rasanble siyati, mande kontribisyon oswa fè sondaj andedan yon etablisman Bibliyotèk oswa nan lakou Bibliyotèk la, san otorizasyon Bibliyotèk la.
- Óganize vizit prive oswa fè seyans foto nan lakou Bibliyotèk la san otorizasyon Bibliyotèk la.
- Mete nenpòt tab oswa lòt estrikti nan pwopriyete Bibliyotèk la, sa ki gen ladan lakou Bibliyotèk la.
- Pote fatra, atik ki gen movez odè, oswa atik, ki poukont yo oswa nan ansanm yo antrave itilizasyon Bibliyotèk la pa lòt itilizatè yo.
- Itiize twalèt yo pou benyen oswa lave cheve, oswa fè lesiv.
- Neglijans pou konfòme avèk demann rezonab yon anplwaye pou sispann konpòtman ki entèfere avèk fonksyonman efektif Bibliyotèk la ak fason lòt moun itilize Bibliyotèk la, sa ki gen ladan yo te mande w pou kite Bibliyotèk la.

#### **Kategori B (Itilizasyon oswa Posesyon Alkòl oswa Dwòg)**

- Entoksike vizibleman.
- Posede, vann oswa itilize alkòl nan zòn ki pa deziyen.
- Posede, vann oswa itilize dwòg ilegal.
- Vann marigwana, oswa pwodui tabak.

#### **Kategori C (Vyoasyon grav anvè moun(yo) oswa Pwopriyete)**

- Pote, ekspoze, montre, oswa desine nenpòt zamafe nan yon fason ki demontre entansyon pou entimide yon lòt moun oswa pou jistifye enkyetid ak sekirite lòt moun.
- Posede nenpòt lòt zam danjere.
- Atak, batay, oswa defi pou batay.
- Vèbalman oswa fizikman arase lòt itilizatè yo, volontè, oswa anplwaye, men pa limite nan, asèlman oswa gade oswa kache, manyen nan fason ki ofansif, ak zak obsèn tankou zak seksyèl ak ekspozisyon endesan.
- Andomaje oswa vòlè byen pèsònèl oswa byen Bibliyotèk la nan etablisman Bibliyotèk la oswa nan lakou Bibliyotèk la sa ki gen ladan materyèl òdinatè, enprimant, machin fotokopi, telefòn, ak lòt ekipman.
- Menase lòt itilizatè, volontè, oswa anplwaye yo - vèbalman, fizikman oswa alekri, sa ki gen ladan tout fòm medya elektwonik.
- Angaje nan nenpòt lòt konpòtman ki ta konstitye yon krim oswa deli daprè lwa ki aplikab yo.

**Ranfòsman**

Anplwaye otorize Bibliyotèk la, kontraktè, ak/oswa ofisye lapolis ka entèveni pou estope aktivite entèdi ak konpòtman. Si ou pa ka konfòme avèk règleman sa yo sa ka lakoz nan: 1) retire pèmision yon moun pou rete nan pwopriyete Bibliyotèk la ak/oswa 2) emèt yon Avi san pèmision nan Bibliyotèk la pou yon peryòd yon jou pou rive definitivman, jan li founi nan règleman ak pwosedi yo Konsèy Administrasyon Bibliyotèk Piblik Boston an te emèt.

Yon vyolasyon nan lwa kriminel la ka lakoz tou nan arestasyon ak pouswit. Vyolasyon lwa ak/oswa règleman sa yo ka lakoz nan restriksyon ak/oswa tèminasyon privilèj Bibliyotèk la, sa ki gen ladan itilizasyon òdinatè Bibliyotèk ak lòt ekipman yo. Pèsonèl otorize ka baze yon Avi non-otorizasyon sou obsèvasyon pèsonèl oswa sou kalite rapò sivil ki ta nòmman konte sou ofisye lapolis nan detèminasyon koz pwobab la.

Moun ki gen andikap yo ka mande akomodasyon rezonab lè ou rele oswa imèl Biwo Prezidan an nan 617-859-2034 oswa [loshea@bpl.org](mailto:loshea@bpl.org) oswa Direktè Sèvis Bibliyotèk la nan 617-859-2389 oswa [mcolford@bpl.org](mailto:mcolford@bpl.org).

**Revizyon Administratif ak Avi Apèl sou Antre san pèmision**

Yon moun ki te resevwa yon Avi Entrizyon ka, nan lespas 30 jou, mande yon revizyon administratif yon òdonans entrizyon. Yon revizyon administratif dwe fèt alekri ak nan Biwo Prezidan an.

**Aplikabilite**

Règleman kondwit yo aplike pou tout moun kap itilize Bibliyotèk la. Aspè ranfòsman règleman sa a aplike a tout anplwaye otorize Bibliyotèk la, kontraktè, ak/oswa ofisye lapolis kap ranfòse lalwa.